

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona



Gwaro
reChitatu

3

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku romudzidzisi



Published by:

Secondary Book Press Private Limited

4th Floor, CABS Centre Building,

Cnr Jason Moyo & 2nd Street,

Harare, Zimbabwe

Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201

Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870

Email: sales@secondarybookpress.co.zw

Website: www.secondarybookpress.co.zw

Plus**One Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reChitatu - Bhuku romudzidzisi**

ISBN: 978-1-77932-151-0

First Published in 2025

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Edwin Muzanenhamo

Design and text layout: Floeene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Mavambo	i
Chikamu 1: Kuzivana	1
Chikamu 2: Musha waVaMhazi	4
Chikamu 3: Kuguta kushanda	8
Chikamu 4: Kukosha kwezvipfuyo	11
Chikamu 5: Mabasa emaoko.	15
Chikamu 6: Nzira dzewanano	19
Chikamu 7: Hupenyu hwemuguta	23
Chikamu 8: Kupemberera kuzvitonga kuzere	27
Chikamu 9: Bhora mutambo	30
Chikamu 10: Rungano rwamutongi Gava	34
Chikamu 11: Mwaka yegore nemabasa evanhu	37
Chikamu 12: Madzimambo akare	41
Chikamu 13: Dzokororo yekutanga	44
Chikamu 14: Vana vanoshanya	46
Chikamu 15: Tsamba kumubereki	49
Chikamu 16: Ngano yeshiri.	52
Chikamu 17: Tsaona.....	55
Chikamu 18: Hupenyu pasichigare (1).	58
Chikamu 19: Hupenyu pasichigare (2).	61
Chikamu 20: Kuchera mbeva.....	64
Chikamu 21: Mhosva mwene wayo (1).	67
Chikamu 22: Mhosva mwene wayo (2).	70
Chikamu 23: Miti upenyu.	73
Chikamu 24: Chirwere chemanyoka.....	76
Chikamu 25: Kudzidza kwemazuva ano.....	79
Chikamu 26: Dzokororo yechipiri	82
Chikamu 27: Zvifambiso zvemazuva ano	84

Chikamu 28: Tsika nemagariro zvepasichigare	87
Chikamu 29: Mitambo yepasichigare	90
Chikamu 30: Kuverenga	93
Chikamu 31: Mhuka dzinokosha	96
Chikamu 32: Mvura yemafashamu	98
Chikamu 33: Utsanana muguta	101
Chikamu 34: Detembo	104
Chikamu 35: Tsamba kushamwari	107
Chikamu 36: Dzokororo yechitatu	110

Bhuku rino remudzidzisi PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu ndiro bhuku reChitatu mukutevedzera hwaro hwokudzidzisa ChiShona. Parugwaro urwu, bhuku rino rinoumbiridza zvakakosha zvakadzidzwa nevadzidzi murugwaro rweChitatu kurudziro iri papfungwa huru ina dzemumbiro dzinoti **kuverenga, kutaura, kuteerera nekunyora.**

1 Kuteerera

Njere dzinowedzera padanho rimwe nerimwe nekudaro pagwaro reChitatu bhuku rePlusOne Rodza Pfungwa ChiShona rine zvakawedzerwa kubudikidza nenyaya dzinobata tsika nemagariro zvinonekwa nevadzidzi munharaunda mavo. Padanho rino vadzidzi vanowedzera kuteerera kwavo kana mudzidzisi akataura zvagara zvichionekwa munharaunda.

2 Kutaura

Kana vadzidzi vachinge vogona kuteerera, kutaura hakuchavanetse sezvo nharaunda chiri chombo chikuru kuvadzidzi. Mudzidzisi uchaona kuti mienzaniso mizhinji ichapihwa nevana mukutaura inenge ichibva munharaunda mavanogara. Mubhuku rino, mudzidzisi achaona hurukuro dzichaitwa nevana pachikamu choga choga. Hurukuro idzi dzinobata misoro yakasiyana-siyana. Izvi zvichabatsira kuti unyanzvi hwavo hwekutaura husimbe.

3 Kuverenga

Bhuku rino rine mazwi matsva uyezve tsananguro yemazwi aya. Mudzidzisi anokurudzirwa kuverengesa vana mazwi aya. Izvi zvichabatsira kuti vasazonetseka pakuverenga ndima yenzwisiso sezvo mazwi matsva aya anenge arimo mundima yekuverenga yenzwisiso. Mudzidzisi ipa mwana wega wega mukana wekuverenga vamwe vana vakateerera. Izvi zvinobatsira kubvisa kakutya muvadzidzi zvichiunza makwikwi okuverenga mukati mevadzidzi.

4 Kunyora

Mwana anogona kushandisa kunyora senzira yekutaura nayo. Parugwaro rweChitatu vana vava kugona kudzidzira kushandisa mutauro zvakazara. Zvinyorwa zvirimwe mubhuku revana zvinopa vana mukana wekunyora vachizadzisa. Vana vanopihwa mukana wekunyora mazwi nezvaanoreva. Bhuku rino richapa vadzidzidzisi mukana wekupa vadzidzi kuti:

- vanyore vachipindura mibvunzo yenzwisiso,
- vanyore rondedzero vachibatandiza pfungwa dzakapihwa kunyora rondedzero ine hutesve,
- vanyore zvirevo vachizadzisa zvirungamutauro kana kuzadzisa mitsara yakapihwa nezvirungamutauro,
- kunyora vachisarudza mhinduro dzesarudzo.

Mashandisirwo ebhuku

Bhuku rino rinobatsira mudzidzisi mukushandisa PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu. Zvikamu zvebhuku rino zvakarongwa zvichitevedza marongerwo azvakaitwa mubhuku revana. Bhuku rino richange richibuditsa:

- musoro wechikamu choga choga.
- zvinangwa zvechidzidzo choga choga. Zvakakosha kuti murairidzi ashandise bhuku rino nebumbiro reChiShona kuti aone ukama huripo nehwaro redzidzo.
- zvombo zvamungashandise pachidzo choga choga. Zvakakosha kwauri murairidzi kuti ugadzire zvombo zvakawanda parugwaro urwu.
- zvamuchatarisirwa kuita nevana pachikamu choga choga.
- zvingaitwe nevana sebasa rekumba. Basa rekumba rakakosha sezvo richiita sezambuko pakati pekuchikoro nekumba. Mudzidzi anombowana mukana wekubvunza vamwe vasiri vadzidzisi sezvo dzidzo isina muganhu. Mubhuku rino mudzidzisi uchapihwa mukana wekupa basa rekumba nekuwedzera ruzivo pachikamu choga choga.
- mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana. Mudzidzisi unokurudzirwa kutwasanudza pfungwa dzako pamhinduro dzinopihwa nevadzidzi zvichienderana nenzvimbo.

Zvinangwa

Pakupera kwechikamu ichi, vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutaura pamusoro pavo uye kuziva nezvevamwe vavo.
- b** kuteerera nhoroondo dzevamwe.
- c** kuverenga mitinhimira nokuumba mazwi nemitinhimira.
- d** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- e** kuverenga ndima vachidudumisa.
- f** kupa mazwi anoreva zvakafanana neakapiwa.
- g** kunyora rondedzero pamusoro pavo.
- h** kuzadzisa zvirevo neizwi rakakodzera.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Zvitai-tai zvine mavara matsva.
- Makadhi ane mavara anoreva zvakafanana.
- Mifananidzo yevana.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 1-5**.
- 2** Bumiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

A. Hurukuro

Tanga waverengera kirasi yose nhaurirano yaNyasha naTsitsi nenzwi riri pamusoro, uchitevedzera matauriro evanhu vaviri vakasiyana.

Sarudza vadzidzi vaviri kuti vaue mberi vaverenge nhaurirano iyi vachitevedzera zvaverengwa.

Itai kuti vadzidzi vatarisane vashandise mibvunzo (a-e) yakanyorwa pasi penhaurirano.

Zano: Kurudzira vadzidzi kuti vashandise mazita avo chaiwo nemitupo yavo chaiyo panguva iyi.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **bwa, bwe, bwi, bwo, bwu** vadzidzi vachitevera. Ita zvimwe chetezvo pana **mbwa, mbwe...**

Kumbira vadzidzi kuti vakupe mienzaniso yemazwi ane mitinhimira iyi.

Muenzaniso:

- **mbw:** mbwanana, mbwende, mbwirembwire.

Vadzidzi ngavanyore mazwi mashanu mubhuku ravo vachishandisa mitinhimira iyi, ozoita zvirevo.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vataure zvavanofunga kuti mazwi aya anorevei vasati vanyora tsananguro chaiyo.

Vabereki: Baba namai vakakubereka.

Pasichigare: Kare kare, panguva yemadzitateguru edu.

Dangwe: Mwana wekutanga kuberekwa mumhuri.

Hombarume: Murume ane unyanzvi hwekuvhima.

Gotwe: Mwana wekupedzisira kuberekwa mumhuri.

Hanzvadzi: Mukoma kana munini wechirume (kana uri musikana) kana wechikadzi (kana uri mukomana).

Jakachira: Ungano yevanhu vakawanda uye vari pamafaro.

Tsvarakadenga: Musikana akatsvinda kwazvo.

B. Nzwisiso

- 1 B
- 2 C
- 3 A
- 4 D
- 5 B

Kupindura mibvunzo zvizere.

- 6 Nevabereki vake
- 7 Muvhimi mukuru
- 8 Tadiwa
- 9 Tadiwa
- 10 Akanaka

C. Mazwi anoreva zvakafanana

- | | | | | | |
|---|---------|---------|---|--------|------------|
| 1 | Magwere | chibage | 4 | Rukova | rwizi |
| 2 | Kuredza | kuraura | 5 | Zhinji | dzakawanda |
| 3 | Mapfeni | makudo | 6 | Hози | dura |

D. Rondedzero

Vana vanonyora zvinoenderana nezviri mundima yavapiwa. Mhinduro dzichange dzakasiyana-siyana.

E. Basa rekuita kumba

Vana vanonyora mazita eshamwari dzavo, kwavanogara uye kuti vanofarira chii..

F. Wedzera ruzivo

Vadzidzi vanonyora mitupo yavanzoziva yakasiyana-siyana.

G. Mitupo

- 1 Nzou
- 2 Gumbo
- 3 Gudo

H. Mabasa emaoko

Vadzidzi vanonyora mabasa mashanu anoitwa munharaunda.

Zvinangwa

Pakupera kwechikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutsanangura zvavanoona pamusha wakapiwa.
- b** kuverenga mitinhimira pamwe nokuvaka mazwi.
- c** kuverenga mazwi matsva pamwe nokuanyora muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kuzadzisa zvirevo nomutauro wakanaka.
- g** kunyora rondedzero pamusoro pemusha wavo.

Zvombo

- Mufananidzo wemusha.
- Bhambiri rine mitinhimira.
- Makadhi ane mazwi matsva.
- Bhambiri rine tsumo.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 6-11**.
- 2** Bumiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

Musha waVaMhazi

Kumbira vadzidzi kuti vacherechedze mufananidzo uri mubhuku ravo vachidoma zvinhu zvavanotsanangura.

Mabasa ezviri pamufananidzo:

- **Danga:** kuchengetera mombe / mbudzi.
- **Tsapi:** kuchengetera zvirimwa (chibage/mhunga).
- **Dare:** nzvimbo inotandarirwa nevarume nekutongerwa nyaya.
- **Imba yekubikira:** kubikira nekudyira.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mitinhimira yakapiwa sekuti **nga, ngwa, n'a** vadzidzi vachitevera.

- ng-: ngoro, ngoma.
- ngw-: ngwena, ngwaru, ngwindi.
- n'-: n'ombe, n'anga.

Mazwi matsva netsananguro

- **Runyanhiriri:** Nguva dzekunge zuva richangobuda (kwayedza).
- **Nyope:** Munhu ane nungo/asingadi kushanda.
- **Kubvarura:** Kudambura jira kana pepa.
- **Kushuzha:** Kutsvaga chokudya munguva yenzara.
- **Tsapi:** Imba inochengeterwa zvirimwa.
- **Ruvhunzavaeni:** Nguva dzekunge zuva rovira (madekwana).
- **Hurudza:** Murimi anokohwa zvakawanda.
- **Madirativhange:** Musanganiswa wezvinhu zvakawanda.
- **Dare:** Nzvimbo inogara varume uye panoungana vanhu vachitonga nyaya.
- **Mujinga:** Pasi pegomo kana pedyo nechinhu chikuru.
- **Dunhu:** Nzvimbo inotongwa nasadunhu.

Musha wedu

- Kurudzira vadzidzi kutsanangura misha yavo mumapoka vachienzanisa nezviri pamusha waVaMhazi.
- Vadzidzi ngavadome zvinowanikwa kumusha kwavo semiti yemichero, mapazi emvura, fenzi kana huku.

B. Nzwisiso

- 1 A
- 2 B
- 3 D

- 4 C
- 5 C
- 6 C

Kupindura mibvunzo zvizere.

- 7 vashanu
- 8 Mutorahuku
- 9 murimi mukuru
- 10 nyope
- 11 dura/tsapi

C. Zvinongedzo

- | | |
|--------|--------|
| 1 izvi | 5 utwu |
| 2 uyu | 6 iyi |
| 3 vavo | 7 rino |
| 4 urwu | 8 ichi |

D. Kuzadzisa tsumo

- | | |
|------------|------------|
| 1 wafa | 4 ipwa |
| 2 hurefu | 5 ruzhumwi |
| 3 mukutsva | |

E. Rondedzero

Vana ngavanyore rondedzero pamusoro pekumusha kwavo kwavanobva vachiisa mazwi akakodzera. Mudzidzisi ngaakwenye mhinduro dzakakodzera achiziva kuti vana vanobva kwakasiya saka vanopawo mhinduro dzakasiyana.

F. Basa rekuita kumba

Vana ngavanyore mufananidzo wemusha wavo vonyora mazita ezvinhu zviri pamusha pavo.

G. Wedzera ruzivo

- 1 mugwagwa
- 2 pamusha
- 3 wakanaka
- 4 yevedza

H. Nzvimbo dzinowanikwa pamusha

- 1 bakwa
- 2 chikuva
- 3 durunhuru
- 4 dare
- 5 chigaravakwati

I. Enzaniso

Vanonyora mitsara vachishandisa enzaniso dzemazita emhuka. Mitsara inosiyana-siyana.

Zvinongedzo

Pakupera kwechikamu chino, vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutaura pamusoro pemufananidzo wakapiwa.
- b** kuverenga mitinhimira nokuvaka mazwi.
- c** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kuzadzisa zvirevo zvakazara.
- g** kunyora rondedzero pamusoro pemuchato.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Makadhi ane manzwi matsva.
- Bhambiri rine mazita eminda.
- Bhambiri rine mifananidzo yemamiriro ekunze.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 12-15**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- **Zvirimwa:** Kurudzira vadzidzi kutaura nezvezvirimwa zvakaite sechibage, nyemba, nzungu nemapfunde.
- **Kurima:** Tsanangura nhanho dzinoti: kugadzira munda, kukanda mbeu, kusakura nekukohwa.

- **Hurudza:** Mudzidzisi jekesa kuti hurudza munhu anozivikanwa nekushanda nesimba mumunda uye ane goho guru rinodyiwa nemhuri nekuchengetedza vamwe.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **dza, zva, dzwa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Mienzaniso yekuvaka mazwi:

- dz-: dziva, dzidzo, dzoka.
- zv-: zvinhu, zvakare, zvose.
- zv- (rimwe): zvipfuyo, zvirimwa.

Mazwi matsva nekushandisa muzvirevo

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi akapiwa mubhuku romudzidzi peji 12 vasati vanyora zvirevo vozonyora zvirevo zvakasiyana-siyana.

B. Nzwisiso

- | | |
|-----|-----|
| 1 A | 4 D |
| 2 B | 5 A |
| 3 A | 6 B |

Kupindura mibvunzo zvizere.

- | | |
|------------|----------------------------|
| 7 zviyo | 10 doro |
| 8 mugombo | 11 VaMhazi |
| 9 kumakura | 12 Vana vanonyora pfupiso. |

C. Mazita eminda

- | | |
|---------|---------|
| 1 gombo | 4 gwidi |
| 2 doro | 5 gan'a |
| 3 gura | |

D. Mamiriro ekunze

- | | |
|------------|-----------------|
| 1 vhuvhuta | 4 naya |
| 2 pisa | 5 pfunha–pfunha |
| 3 tonhora | |

E. Rondedzero

Vana ngavataurirane nezvemitambo yavakaona. Vanozopedzisa runyaya rwuri papeji 15 mubhuku romudzidzi.

F. Basa rekuita kumba

- 1 Kuziva mbuya huudzwa.
- 2 Mwana washe muranda kumwe.
- 3 Reva Ishe wakaringa nzira.
- 4 Chembere yekwaChivi yakabika mabwe ikanwa muto.
- 5 Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.
- 6 Ngoma inorira ichiti pangu pangu.
- 7 Chembere mukadzi hazvienzani nokurara mugota.
- 8 N'anga huru haizvirapi.

G. Wedzera ruzivo

Batsirana nevadzidzi kuverenga zvirevo 1-3 zviri papeji 15 bhuku romudzidzi.

Zvinangwa

Pakupera kwechikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kudoma zvipfuyo zvepamusha nemabasa azvo.
- b** kuverenga mitinhimira uye kuvaka mazwi.
- c** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kuzadzisa tsumo nemazita emhuka.
- g** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- h** kunyora rondedzero zvakanaka.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 16-20**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- Kumbira vadzidzi kuti vataure nezvemhuka dzavanofarira dzinochengetwa pamba kana dzesango.
- **Inodyei:** Batsira vadzidzi kutsanangura zvidyo zvemhuka (semuenzaniso: mombe inofura uswa, imbwa inodya sadza).
- **Sei uchiifarira:** Vadzidzi vanopa zvikonzero zvakaita serunako, kumhanya kana hushingi hwemhuka.

- **Inobatsira nei:**
 - **Mombe:** dzinorima nekupa mukaka.
 - **Imbwa:** dzinochengetedza musha uye kuvhimiswa.
 - **Huku:** dzinopa mazai nenyama.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **hwa**, **nha**, **nhwa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- hw-: hwai, hwema.
- nh-: nhamo, nhema, nhava.
- nhw-: gwinhwa.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vataure zvavanofunga kuti mazwi aya anorevei vasati vanyora tsananguro chaiyo:

- **Mhando** – rudzi rwechinhu.
- **Mavhu nemarara** – zvinhu zvakawandisa.
- **Jakachira** – vanhu vakaungana vazhinji vari pamafaro.
- **Mupfudze** – tsvina yemhuka inoshandiswa mumunda sendove yakaoma.
- **Besanwa** – vanhu vakawanda varikuita zvakasiyana-siyana zvikuru vachifamba.
- **Chirugu** – imba duku yehuku kana shiri.
- **Kutasva** – kugara pamusana pemhuka uchifamba nayo.
- **Ndove** – tsvina yemombe ichiri nyoro.
- **Barika** – musha une murume mumwe ane madzimai anopfuura mumwe chete.

B. Nzwisiso

- 1 C
- 2 C
- 3 A

- 4 C
- 5 D

Kupindura mibvunzo zvizere.

- 6 Mutorahuku
- 7 mukaka nenyama
- 8 rwizi
- 9 chirugu
- 10 vakawanda
- 11 vana vanonyora pfupiso.

C. Kuzadzisa tsumo

- | | |
|----------|---------|
| 1 Mbudzi | 4 Nzou |
| 2 gava | 5 Mbeva |
| 3 Gudo | |

D. Dzokororo

- | | |
|-----|------|
| 1 A | 8 D |
| 2 D | 9 A |
| 3 B | 10 C |
| 4 C | 11 B |
| 5 D | 12 C |
| 6 A | 13 B |
| 7 C | 14 C |

E. Rondedzero

Mhuka yandinofarira

Munyika muno mune mhuka zhinji chose dzimwe dzinogara **pamusha** nedzimwe dzinogara musango. **Mombe** ndiyo mhuka yandinofarira.

Mombe imhuka yandinofarira zvikuru. Mhuka iyi inogara **mudanga**. Inodya **uswa** nekunwa mvura. Inobereka vana, mwana wemhuka iyi anonzi **mhuru**.

Ine makumbo **mana**. Mhuka iyi inobatsira zvikuru ne**kurima**. Ndinofarira mhuka iyi nokuti inotipa mukaka nenyama.

F. Basa rekuita kumba

- 1 Mombe – danga
- 2 Shiri – dendere
- 3 Hove – mvura
- 4 Mbudzi – danga/chirugu
- 5 Huku – chikwere/zumbu

G. Wedzera ruzivo

- 1 Garwe —→ ganyamatope
- 2 Nzou —→ mhuru
- 3 Gondo —→ nyana
- 4 Mhembwe —→ tsvana
- 5 Nyoka —→ nzvenzvana

H. Kushandisa vara guru

- 1 Sekuru vanogara kuBuhera.
- 2 Nyanga inzvimbo inotonhora.
- 3 Mudunhu reHonde Valley munogara murume anonzi Nyathi.
- 4 Pachikoro cheRuto panowanikwa michero yakawanda.

Zvinangwa

Pakupera kwechikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutsanangura zviri kuitika pamufananidzo.
- b** kuverenga mitinhimira uye kuvaka mazwi.
- c** kutaura mabasa avanoziva.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kushandisa mazwi hongu kana kwete zvakakodzera.
- g** kunyora zvinoreva madimikira.
- h** kunyora rondedzero pamusoro pemabasa avanoda kuita kana vakura.

Zvombo

- Mufananidzo wemusha.
- Bhambiri rine mitinhimira.
- Bhambiri rine madimikira.
- Makadhi ane mazwi matsva.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 21-25**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- Kumbira vadzidzi kuti vataure mazita ehari dzavanoziva (semuenzaniso: gate, chirongo, chirongo, pfuko).

- Misiyano yadzo:
 - Gate: Hari huru inobikirwa sadza kana mupunga.
 - Pfuko: Hari inochengeterwa zvinwiwa semvura kana doro.
 - Chirongo: Hari inocherwa nayo mvura kutsime.
 - Mbiya: Hari duku inopakurirwa usavi kana muriwo.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **nda**, **nwa**, **ndwa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- nd-: ndiro, nduru, ndega.
- nw-: nwa (kunwa), nwira, nwiwa.
- ndw-: kundwa

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vanyora zvirevo:

- **Churu** – imba yemuchenje yakavakwa nevhu.
- **Mitswi** – huni dzakatsemurwa dzekubikisa.
- **Mhizha** – munhu ane unyanzvi hwekugadzira zvinhu (semunhu anogadzira hari kana kupfura simbi).
- **Mbiya** – hari duku inopakurirwa usavi.
- **Hwedza** – zuva rinotevera.

B. Nzwisiso

- | | |
|-----|-----|
| 1 D | 4 A |
| 2 D | 5 B |
| 3 B | 6 C |

Kupindura mibvunzo zvizere

- 7 VaChinjanja
- 8 mhizha
- 9 kubatsirana kufunga pfungwa imwe
- 10 makavi
- 11 mutswi

C. Kushandisa ‘hongu’ kana ‘kwete’

- | | |
|---------|---------|
| 1 hongu | 5 kwete |
| 2 kwete | 6 kwete |
| 3 hongu | 7 kwete |
| 4 hongu | 8 hongu |

D. Zvinoreva madimikira

- | | |
|---------------------|-----------------------------------|
| 1 kuyaruka / kukura | 4 munhu akazvarwa ari oga mumhuri |
| 2 kuroora | 5 moyo wakaoma |
| 3 kufambira mahara | 6 kuzorora |

E. Rondedzero

Basa randinoda

Munhu wega wega ane basa raanoda kuzoita kana akura. Nhasi ndinoda kunyora pamusoro pe**basa** randinoda kuzoita kana ndakura.

Kana ndakura ndinoda kuzova **chiremba**. Basa iri rakakosha zvikuru.

Rinoshandwa nemunhu anenge akadzidza. Vakomana nevasikana vose vanogona kushanda basa iri. Kana munhu achida kushanda basa re**uchiremba** anotanga aenda kuchikoro kuti agone kurapa.

Basa iri rinoita kuti munhu awane mari yakawanda chaizvo. Nyika inowanawo mari zhinji kubva mu**basa** iri.

Ini ndinoda basa iri nekuti ndinowana **mukana wekubatsira vanorwara**.

F. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavaumbe hari imwe chete votaure kuti inonzi chii.

G. Wedzera ruzivo

Vana vanotsvaga mazita emabasa mudambanemazwi.

H. Kuzadzisa zvirevo

- 1 kuveza
- 2 Kuimba
- 3 kuumba
- 4 kudyara
- 5 kutema

I. Mutauro

- 1 chena
- 2 nhema
- 3 mbiri
- 4 dete
- 5 guru

Zvinangwa

Pakupera kwechidzidzo vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutsanangura zviri kuitika pamufananidzo wakapiwa.
- b** kuverenga mitinhimira uye kuvaka mazwi.
- c** kutaura nzira dzewanano.
- d** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- e** kuverenga ndima vachidudumisa.
- f** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- g** kunyora rondedzero pamusoro pemuchato wavakaona.

Zvombo

- Mufananidzo wemuchato.
- Bhambiri rine mitinhimira.
- Bhambiri rine zvirevo.
- Zvitai-tai zvine mazwi matsva.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 26-29**.
- 2** Bumiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

Kumbira vadzidzi kuti vatsanangure zvinoitika pamuchato (semuenzaniso: kupfeka mbatya dzakanaka, kudya, kutamba nekupa zvipo).

Nzira dzekupemberera muroora:

- **Kupemberera:** Kutamba mupururu nekuimba nziyo dzekutambira muroora.
- **Zvipo:** Vanhu vanopa zvipo kuitira kutambira muroora mutsva mumhuri.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **cha**, **hwa**, **chwa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- ch-: chigaro, chembere, chando.
- hw-: hwahwa, hwiza.
- chw-: chwi-i, chwachwata.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vaashandisa muzvirevo:

- **Mwenga** – muroora mutsva ari pazuva rake remuchato.
- **Nhanga** – imba inorarwa nevasikana.
- **Gota** – imba inorarwa nevakomana.
- **Kukokwa** – kukumbirwa neshamwari kuti upinde mumutambo.
- **Kupemberera** – kuratidza mufaro nekuda kwechimwe chinhu chakanaka chaitika.
- **Munyai** – munhu anotumwa kuenda kunoroora.
- **Mhandara** – musikana akura asati aroorwa.

B. Nzwisiso

- | | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | C | 4 | C |
| 2 | A | 5 | D |
| 3 | A | 6 | B |

Kupindura mibvunzo zvizere

- 7 Pamhidzai
- 8 papurazi pavo
- 9 musikana abva zera
- 10 Pamhidzai
- 11 akapembererwa

C. Tsika nemagariro

- | | |
|-------------|--------------|
| 1 mavende | 4 makorokoto |
| 2 pamusoroi | 5 tisvikewo |
| 3 mazvita | |

D. Zviri kuitika, zvakaitika nezvichaitika

- | | |
|-------------|--------------|
| 1 ndakaona | 4 dzakakokwa |
| 2 ndamuka | 5 akapiwa |
| 3 achatenga | 6 vakafara |

E. Rondedzero

Mudzidzisi, batsira vadzidzi kuzadzisa mapako aya vachishandisa pfungwa dzavo kuzadzisa pakashama. Mhinduro dzichange dzakasiyana-siyana.

F. Basa rekuita kumba

Mudzidzisi, tsanangura tsika idzi nenzira iri nyore kunzwisisa:

- 1 Tsananguro dzenzira dzewanano:
 - Kukumbira – Nzira kwayo apo mukomana anoenda nevabereki vake kana munyai kunobvunza kumhuri yemuvabereki vemusikana.
 - Kutizira – Musikana paanoenda kumba kwemukomana oga pasina kurongeka kwekuroora kuitira kuti vazoroora gare gare.
 - Kuganha – Tsika yekare apo musikana aisarudza mukomana waanoda obva azviisa kwaari.
 - Kuzvarira – Tsika yekare apo vabereki vaivimbisa mwanasikana wavo kumurume (kazhinji akura) nekuda kwematambudziko kana hushamwari.

- 2 Kunaka nekuipa kwadzo:

Tsika	Kunaka kwayo	Kuipa kwayo
Kukumbira	Inounza rukudzo neushamwari pakati pemhuri mbiri.	Inogona kutora nguva refu nekuda kwemaitiro.
Kutizira	Inokurumidza kuitika kana vabereki vachiramba wanano.	Inoshaisa vabereki rukudzo uye inogona kukonzera mhirizhonga.

Tsika	Kunaka kwayo	Kuipa kwayo
Kuzvarira	Yaibatsira mhuri dzine nzara munguva dzekare.	Inotyora kodzero dzevana sezvo musikana anomanikidzwa kuroorwa asina kuzvisarudzira.

G. Wedzera ruzivo

- 1 baba
- 2 vanhu
- 3 tezvara
- 4 sekuru
- 5 muchato
- 6 kunopisa
- 7 sadombo

Zvinangwa

Panopera chikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kuverenga mitinhimira nokuvaka mazwi.
- b** kutsanangura zviri pamufananidzo.
- c** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kuzadzisa zvirevo neizwi rakakodzera.
- f** kuzadzisa tsumo dzakapiwa.
- g** kunyora rondedzero pamusoro perwendo nebhazi.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Zvitai-tai zvine mazwi matsva.
- Bhambiri rine tsumo.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 30-33**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- **Guta:** Vanhu vanogara mudzimba dzemataira, mune migwagwa ine tara, magetsi nemvura yemumapombi. Vazhinji vanoshanda mumafekitari nemumahofisi.
- **Mapurazi:** Vanhu vanogara vachirima zvirimwa zvakawanda (fodya, chibage) vachishandisa matarakita. Vanochengetawo mombe zhinji.

- **Migodhi:** Vanhu vanogara pedyo nenzvimbo dzinocherwa simbi segoridhe kana marasha. Vanoshandisa michina inochera pasi.
- **Maruwa:** Vanhu vanorarama nekuchera migodhi miduku, kurima muminda miduku uye kuchengeta zvipfuyo. Dzimba dzinowanzopfirirwa nehuswa kana marata.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **zha**, **zwa**, **zhwa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- zh-: zhara, zhou, zhizha.
- zw-: izwi, nzwara.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vaashandisa muzvirevo:

- **Foromani** – mutariri wevashandi anovapa basa (kazhinji mumakambani, pamapurazi kana kumigodhi).
- **Hambautare** – motokari inoshandiswa kutakura vanhu kana zvinhu.
- **Murairidzi** – munhu anodzidzisa kana kupa dzidzo (mudzidzisi).
- **Chipo** – chinhu chaunopiwa nemunhu usina kuchitenga (sezvipo zvepaKisimusi kana muchato).
- **Kusarira shure segotsi** – tsumo inoreva kunonoka kuita zvinhu kana kusasvika panguva imwe chete nevamwe.

B. Nzwisiso

- 1 C
- 2 B
- 3 A
- 4 C
- 5 B

Kupindura mibvunzo zvizere

- | | |
|--------------------|----------------------------|
| 6 Nyasha | 9 Tafara |
| 7 shangu | 10 Pamhidzai |
| 8 anoita zvakanaka | 11 vana vanonyora pfupiso. |

C. Mazita enzvimbo

- | | |
|------------------|---------------------|
| 1 bakwa | 4 chitubu/chisipiti |
| 2 chikwere/zumbu | 5 Chiwi |
| 3 jiri | 6 pfimbi |

D. Kuzadzisa tsumo

- | | |
|--------------|----------|
| 1 kuseva | 4 kamwe |
| 2 chinomhara | 5 waneta |
| 3 shiri | 6 jira |

E. Rondedzero

Mudzidzisi, batsira vadzidzi kuronga rondedzero yavo mumandima vachishandisa pfungwa dzinotevera:

- **Hupenyu hwekumusha:** Vadzidzi vanogona kunyora kuti kumusha kunogara vanhu vakawanda munzvimbo dzakakura dzine mhengo yakachena. Kudya kwacho kunobva muminda nemumatanga.
- **Zvakanakira hupenyu hwekumusha:** Zvinonakira kumusha ndezvekuti zvekudya zvakaite semuriwo, mukaka, nzungu nemichero hazvitengwi nemari yakawanda. Kune runyararo uye kune nzvimbo yakakura yekutambira.
- **Zvakaipira hupenyu hwekumusha:** Chakaipira kumusha ndechekuti zvikoro nezvipatara zvinogona kunge zviri kure kwazo. Dzimwe nguva migwagwa haina kumira zvakanaka uye magetsi anoshota.
- **Hupenyu hwemudhorobha/guta:** Mudhorobha mune dzimba dzakavakwa pedyo nepedyo dzine magetsi nemvura yepombi. Mune migwagwa yetara nemotokari zhinji.
- **Zvakanakira hupenyu hwemuguta:** Muguta mune zvinhu zviri pedyo zvakaite sezvitoro zvikuru, zvipatara nemabasa akawanda. Zvinhu zvizhinji zvinoitwa nemichina nemagetsi.
- **Zvakaipira hupenyu hwemuguta:** Dambudziko reguta nderekuti zvinhu zvose zvinoda mari, kubva padzimba, mvura kusvika pakudya. Mhengo inogona kunge yakasviba nekuda kwehutsi hwemafekitari nemotokari.

F. Basa rekuṭa kumba

Vana ngavatsvage tsumo ina dzinotaura nezvekushanduka kwezvinhu sokuti: Kare haagare ari kare.

G. Wedzera ruzivo

- 1 Hanzvadzi yababa.
- 2 Ambuya ndiamai vababa kana amai.
- 3 Mukoma wababa.

Kupemberera kuzvitonga kuzere

Zvinangwa

Pakupera kwechikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutsanangura zviri pamufananidzo.
- b** kuverenga mitinhimira uye kuvaka mazwi.
- c** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kuisa mazwi muuzhinji.
- g** kuzadzisa zvirevo nyenyauzosingwi.
- h** kunyora rondedzero pamusoro peshamwari yake.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Zvitai-tai zvine mazwi matsva.
- Bhambiri rine mazwi muuzhinji.
- Bhambiri rine nyauzosingwi.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 34-37**.
- 2** Bumiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- Mutambo wekuzvitonga kuzere: Kumbira vadzidzi kuti vataure zvavanoona pazuva iri (semuenzaniso: kuungana kunhandare, kuimba nziyo dzehondo, kufora kwemauto, nekudya kwemabiko).

- Zvamakanzwa: Mudzidzisi jekesa nhoroondo yekuti kuzvitonga kwakauya mushure mehondo yerusununguko yaiva nechinangwa chekuti vatema vazvitonge.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti tsa, sva, tsva vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- ts-: tsamba, tsvimbo, tsime.
- sv-: svosve, svika, svota.
- tsv-: tsvaira, tsvuku, tsvaka.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vaashandisa muzvirevo:

- **Magamba** – vanhu vakashinga vakarwa hondo yerusununguko.
- **Kuzvitonga** – kuva nerusununguko rwekuita zvido zvenyika musina kumanikidzwa nevatorwa.
- **Madzitateguru** – vanhu vekare vakabereka madzibaba edu.
- **Kupemberera** – kuratidza mufaro pazuva rinokosha.
- **Nhoroondo** – nyaya dzezviitiko zvakaitika kare.
- **Kusunungura** – kubvisa munhu kana nyika muhuranda kana muhusungwa.
- **Vasinamabvi** – zita raishandiswa kureva vachena panguva yehondo.

B. Nzwisiso

- | | |
|-----|-----|
| 1 D | 4 A |
| 2 B | 5 C |
| 3 A | |

Kupindura mibvunzo zvizere.

- | | |
|-----------------------|--------------|
| 6 Zimbabwe | 9 vanhu vose |
| 7 kutaurirana | 10 1980 |
| 8 mutungamiri wenyika | |

C. Kuisa mazwi muuzhinji

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 Zvuma | 3 zvoto |
| 2 zvigaro | 4 zvikoro |

- 5 zvingwa
- 6 matombo
- 7 maturi

- 8 makarwe
- 9 mhasa
- 10 hova

D. Nyaudzosingwi

- 1 piriviri
- 2 ngwee
- 3 papata
- 4 n'a
- 5 bvuu
- 6 togo
- 7 tsvaa

E. Rondedzero

Mudzidzisi, batsira vadzidzi kuzadzisa pfungwa idzi nenzira yendima:

- Yakawana kuzvitonga nemusi wa18 Kubvumbi (April) 1980.
- Kwakava nehondo yerusununguko (Chimurenga) yakarwiwa nemagamba.
- Dzinoitwa gore negore musi wa18 Kubvumbi.
- Nhandare dzinochenurwa, mauto anodzidzira kufora uye zvekudya zvinotsvakwa.
- Munguva ino, mutambo mukuru unotenderera mumatunhu akasiyana uye mumatunhu ose enyika.
- Mutungamiri wenyika, vatungamiri vemamwe matunhu, magamba uye ruzhinji rwevanhu.
- Mauto anofora, mutungamiri wenyika anopa mashoko kune mitambo yenhavvu, nziyo nekutamba.
- Kudya kwemabiko, kuona ndege dzehondo dzichibhururuka nekuona vanhu vachifara.

F. Basa rekuita kumba

S. Mahofa, S. Muzenda, J. Nkomo, Perrence Shiri, J. Tungamirai, J. Tongogara, S. Mugabe, H. Chitepo, J. Msika, V. Zvinavashe, S. Mujuru nevamwewo vakawanda.

G. Wedzera ruzivo

Vadzidzi ngavaverenge mitsara mitatu iri papeji 37 bhuku romudzidzi.

Zvinangwa

Panopera chikamu ichi vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutaaurirana nezvemitambo yenhavvu yavanoziva.
- b** kuverenga mitinhimira nokuvaka mazwi.
- c** kuverenga mazwi matsva nokuashandisa muzvirevo.
- d** kuverenga ndima vachidudumisa.
- e** kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- g** kududzira madimikira.
- h** kunyora rondedzero pamusoro pemutambo wenhavvu.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Bhambiri rine madimikira.
- Makadhi ane mazwi matsva.
- Bhambiri rine fananidzo.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 38-41**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- **Mitambo yamakamboona:** Kurudzira vadzidzi kutsanangura mitambo yakasiyana yakaita senhavvu, nhodo, tsoro kana kumhanya.

- **Chii nechii zvaitamba:** Vadzidzi vanodoma zvikwata kana vanhu vaiva mumutambo (semuenzaniso: Chikoro chedu nechevavakidzani).
- **Wakapera sei:** Vadzidzi vanotsanangura magumisiro acho (kukunda, kukundwa, kana kuita mangange) nemufaro waivapo pakupera.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **twa**, **swa**, **tswa** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- tw-: twana, twuviri, twira.
- sw-: swera, muswe.
- tsw-: tswanda, tswinya.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vaashandisa muzvirevo:

- **Makuwerere** – mutambo mukuru unofadza une vanhu vakawanda.
- **Marasha** – zvicherwa zvinoshandiswa kubatidza moto mukuru (sekuHwange).
- **Kurova nhongonya** – kunyatsopisa kwezuva (nguva dzechidya-manheru).
- **Kwatsurana** – kuita makwikwi akasimba kwazvo pakati pevanhu kana zvikwata.
- **Nhabvu** – mutambo webhora remakumbo.
- **Ngoda** – rimwe zita rinoreva dhaimondi.
- **Goridhe** – simbi inokosha yeyero inocherwa pasi.
- **Zvicherwa** – pfuma inowanikwa nekuchera pasi semarasha, goridhe nemhangura.

B. Nzwisiso

- | | |
|-----|-----|
| 1 B | 4 D |
| 2 A | 5 A |
| 3 C | |

Kupindura mibvunzo zvizere.

- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| 6 goridhe/marasha/ngoda | 9 manheru |
| 7 ngoda | 10 madhadha |
| 8 Hwange | 11 Vanonyora pfupiso. |

C. Fananidzo

- 1 tsito
- 2 madhadha
- 3 tsuro
- 4 nguruve
- 5 kamba
- 6 kiti
- 7 dombo
- 8 bere

D. Kududzira madimikira

- | | |
|--------------|---------------|
| 1 d ada | 4 anonwa doro |
| 2 kufa | 5 kusadzoka |
| 3 ane tsitsi | 6 anoroya |

E. Rondedzero

Mudzidzisi, batsira vadzidzi kuzadzisa pfungwa idzi vachishandisa chiitiko chavakaona:

- Waiva mutambo wenhabvu (bhora remakumbo).
- Wakaitirwa panhandare yechikoro chedu.
- Paiva nezvikoro zviviri (semuenzaniso: Gwebi neChitunhu).
- (Mwana anodoma zita reshawari yake kana mutambi waanoziva).
- (Mwana anodoma zita remunhu akawana zvibodzwa).
- Vanhu vakapururudza, vakaridza miridzo nekusvetuka nemufaro.
- Wakapera chikoro chedu chakakunda nezvibodzwa zviviri kune chimwe (2-1).
- Hongu, chikoro chakakunda chakapiwa mukombe uye vatambi vakapiwa menduru.

F. Basa rekuita kumba

- 1 Chiyadzwa – ngoda
- 2 Mhangura – mhangura
- 3 Shamva – goridhe
- 4 Hwange – marasha

G. Wedzera ruzivo: Zvirahwe

Zvirahwe

- 1 nhengeni
- 2 jongwe
- 3 mbudzi
- 4 musiwu / gonhi

H. Mitambo yepasichigare

Vana ngavaite tsvakurudzo pamusoro pemitambo mishanu yaiitwa pasichigare.

Rungano rwamutongi Gava

Zvinangwa

Panopera chikamu chino vana vanotarisirwa kunge vogona:

- a** kutaura ngano dzavanoziva.
- b** kudoma zvidzidzo mungano dzataurwa.
- c** kuverenga mitinhimira uye kuvaka mazwi.
- d** kuverenga mazwi matsva nekuashandisa muzvirevo.
- e** kuverenga ndima vachidudumisa kupindura mibvunzo yenzwisiso.
- f** kushandisa chibvunza zvakanaka.
- g** kuzadzisa zvirevo zvakanaka.

Zvombo

- Bhambiri rine mitinhimira.
- Zvitai tai zvine mazwi matsva.
- Bhambiri rine zvirevo.

Dura/Jerero

- 1** PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChitatu Bhuku remudzidzi **peji 42-46**.
- 2** Bumbiro redzidzo retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum – HBC).

Mhinduro

A. Hurukuro

- Kutaura ngano: Mudzidzisi, kurudzira mwana mumwe nemumwe mumapoka kuti ape ngano pfupi (semuenzaniso: Tsuro naGudo).
- Zvadzidzwa: Batsira vadzidzi kuburitsa chidzidzo chiri mungano, chakadai sekusanyengedza vamwe kana kubatsirana panguva yenhamo.

Mutinhimira nekuvaka mazwi

Dzokorora mutinhimira wekuti **zva**, **vha**, **dzva** vadzidzi vachitevera nenzwi riri pamusoro.

Kuvaka mazwi (Mienzaniso):

- zv–: zvipo, zvose, zvakanaka.
- vh–: vhura, vhiri, vhuvhuta.
- dzv–: dzvuku, dzvanya, dzvinyu.

Mazwi matsva netsananguro

Ita kuti vadzidzi vazive zvinoreva mazwi aya vasati vaashandisa muzvirevo:

- **Mutongo** – chisarudzo chinopiwa nanyachutonga kana mambo panyaya yenge yakaonekwa.
- **Mharadzano** – nzvimbo panosangana migwagwa miviri kana kudarika ichienda kwakasiyana.
- **Kurodza meno** – gadziro yekuda kudy chimwe chinhu (kana kuda kurwa).
- **Chizarira** – musuwo wakagadzirwa nematanda unovhara danga kana imba.
